


ETA NEW YORK
DEPATMAN-DETA
KOMITE POU
GOUVÈNMAN OUVÈ

Dwa ou pou Konnen

ETA NEW YORK
LWA POU GOUVÈNMAN OUVÈ



Komite pou Gouvènman Ouvè

- **Freedom of Information Law**
(Lwa sou Libète Enfòmasyon)
- **Open Meetings Law (Lwa pou Reyinyon Lib)**
- **Personal Privacy Protection Law**
(Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl)

Komite a

Komite pou Gouvènman Ouvè responsab pou sipèvizè aplikasyon Freedom of Information Law (Lwa konsènan Fonksyonè Piblik §§84-90) ak Open Meetings Law (Lwa konsènan Fonksyonè Piblik §§100-111). The Freedom of Information Law detèmine dwa pou jwenn dosye gouvènman an, menmsi Open Meetings Law konsène disiplin nan reyinyon enstitisyon piblik yo ak dwa pou patisipe nan reyinyon yo. Komite a sipèvizè Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl tou.

Komite a fòme avèk 11 manm, 5 manm nan gouvènman an epi 6 manm nan piblik la. Senk manm gouvènman an se Gouvènè-Adjwen an, Sekretè Eta a; yo ajì kòm sekretè Komite a; Manm Komisyon Sèvis Jeneral, Direktè Bidjè, ak yon ofisyèl gouvènman lokal ki pase nan eleksyon epi ki jwenn nominasyon Gouvènè a. Sou sis (6) manm piblik yo, omwen de (2) dwe se oswa te reprezantan medya enfòmasyon yo.

Freedom of Information Law (“FOIL”) gide Komite a pou bay konsèy pou ajans yo, piblik la ak medya enfòmasyon yo, pou pibliye règleman yo epi pou rapòte obsèvasyon ak rekòmandasyon li yo chak ane ba Gouvènè ak Lejislati a. Menm jan tou, dapre Open Meetings Law, Komite a bay avi konsiltatif, li revize operasyon lwa a epi li rapòte rezilta ak rekòmandasyon li yo chak ane ba Lejislati a.

Lè gen kesyon anba swa Freedom of Information oswa the Open Meetings Law, manm Komite a kapab bay konsèy alekri oswa aloral epi yo eseye rezoud konfli kote dwa yo ka pa klè. Depi kreyasyon li nan ane 1974, Komite a te prepare plis pase 24,000 avi konsiltatif alekri sou demann gouvènman an, piblik la ak medya enfòmasyon yo. Answit, yo te bay anpil santèn milye avi aloral nan telefòn. Ekip la bay pwogram fòmasyon ak edikasyon tou pou gouvènman an, òganizasyon enterè piblik ak òganizasyon medya enfòmasyon, ak etidyan nan kanpis tou.

Yo konsève avi ki prepare yo depi kòmansman ane 1993 ki gen enpòtans edikasyonèl oswa jirispridans sou entènèt, yo idantifye yo avèk mwayen yon seri ekspresyon kle nan endis apa yo kreye anrapò ak Freedom of Information Law ak Open Meetings Law.

Ou kapab gen aksè nan endis yo nan lyen ki endike anba la yo:

Avi Konsiltatif FOIL - www.dos.ny.gov/coog/foil_listing/findex.html

Avi Konsiltatif FOIL - www.dos.ny.gov/coog/oml_listing/oindex.html

Yo fè kèk ti chanjman nan chak endis ki nan avi konsiltatif yo pou asire moun ki enterese yo ak ajans gouvènman an gen posiblite pou jwenn avi yo te bay pa twò lontan yo.

Sitwèb la gen ladan tou sa ki endike anba la a:

- Tès Freedom of Information Law;
- Règ ak Règleman Komite pou Gouvènman Ouvè (21 NYCRR Pati 1401);
- Règ Modèl pou Ajans yo;
- Modèl Demann pou Dosye yo;
- Modèl Demann pou Dosye yo nan Imèl;
- Modèl Kontestasyon;
- Modèl Kontestasyon Lè Ajans lan Pa Reponn nan yon Mannyè Kòm sadwa;
- Rezime Lwa a sou Dosye FOIL;
- Kesyon Moun Poze Souvan konsènan FOIL;
- Tès Open Meetings Law;

- Règ Modèl pou Enstitisyon Piblik yo;
- Yon Atik sou Komite Etik yo;
- Rezime Lwa a sou Dosye OML;
- Kesyon Moun Poze Souvan konsènan OML;
- Tèks Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl (aplike sèlman pou Ajans Eta yo);
- Sa Ou Ta Dwe Konnen, konsènan Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl.

Si ou pa kapab jwenn enfòmasyon yo sou sitwèb la epi si ou bezwen konsèy konsènan swa Freedom of Information Law oswa Open Meetings Law, ou mèt kontakte:

Committee on Open Government
NYS Department of State
One Commerce Plaza
99 Washington Ave
Albany, NY 12231
(518) 474-2518 Telefòn
(518) 474-1927 Faks
coog@dos.ny.gov

Lwa sou Libète Enfòmasyon

Freedom of Information Law, ki anvigè apati 1ye janvyè 1978, re-konfime dwa ou pou konnen kijan gouvènman ou ap fonksyone. Lwa a bay dwa pou jwenn dosye ki konsène desizyon gouvènman an ak règleman ki afekte lavi chak Nouyòkè. Lwa a konsève Komite pou Gouvènman Ouvè, ki te kreye dapre piblikasyon Freedom of Information Law orijinal nan ane 1974.

Enpòtans lwa a

Tout ajans yo depannde Freedom of Information Law, epi dapre FOIL “ajans” dwe gen ladan tout sèvis gouvènman eta a ak gouvènman lokal ki nan Eta New York, tankou ajans eta a, sosyete ak administrasyon piblik yo, ak nenpòt lòt enstitisyon gouvènman k ap ranpli yon fonksyon gouvènman pou eta a oswa pou youn oswa plis sèvis gouvènman lokal ki nan eta a (§86(3)).

Tèm “ajans” pa gen lajan Lejislati Eta a oswa tribinal yo. Pou nou bay eklèsisman, n ap itilize “ajans” pou mete tout enstitisyon gouvènman an ki nan New York, sof Lejislati Eta a ak tribinal yo, n ap diskite sou yo annapre.

Kisa yon dosye ye?

Tout dosye yo depannde FOIL, epi lwa defini “dosye” kòm “nenpòt enfòmasyon yo kenbe, konsève, klase, pwodui oswa repwodui nan yon ajans, avèk yon ajans oswa pou yon ajans... nan nenpòt kalite fòm fizik...” (§86(4)). Sa vle di aklè atik tankou anrejistremant odyo oswa vizyèl, done yo konsève sou fòm elektwonik, ak dosye sou papye tonbe nan definisyon “dosye.” Yon ajans pa gen obligasyon pou kreye yon nouvo dosye oswa pou bay enfòmasyon pou reponn kesyon pou respekte lalwa; men, tribinal yo deklare yon ajans dwe bay dosye nan fòm yo mande yo a si li gen posiblite pou fè sa. Pa egzanp, si ajans lan kapab transfere done yo nan yon fòm yo mande, ajans lan dwe fè sa depi li resevwa peman frè kòrèk la.

Dosye ki Fasil pou Jwenn

FOIL baze sou yon sipozisyon aksè, sa ki endike tout dosye yo aksesib, sof dosye oswa pòsyon dosye ki tonbe nan youn nan onz (11) kategori dosye yo kapab konteste (§87(2)).

Dosye yo kapab konteste yo gen ladan dosye oswa pòsyon dosye ki:

- (a) gen egzanpsyon espesyal pou yo pa divilge dapre lwa eta a oswa lwa federal;
- (b) ta lakòz yon vyolasyon enfòmasyon pèsonèl enjis si dosye yo divilge;
- (c) ta afekte kontra yo bay nan moman an oswa kontra yo pral bay oswa negosyasyon ant patwon ak travayè si dosye yo divilge;
- (d) se sekre komèsyal yon antrepriz komèsyal soumèt yo ba yon ajans oswa yo sòti nan enfòmasyon yo jwenn nan yon antrepriz komèsyal epi ki ta lakòz gwo domaj nan pozisyon konpetitif antrepriz ki konsène a si dosye yo divilge;
- (e) konpile pou yo bay lapolis epi si dosye yo divilge, sa ta:
 - i. nuizib pou ankèt lapolis oswa pwosedi lajistis;
 - ii. lakòz yon moun pèdi yon dwa pou yon pwosè onèt oswa pou yon jijman san patipri;
 - iii. idantifye yon sous sekre oswa divilge enfòmasyon sekre konsènan yon ankèt kriminel; oswa
 - iv. devwalè teknik ankèt kriminel la oswa pwosedi yo, sof teknik ak pwosedi woutin yo;
- (f) kapab menase lavi oswa sekirite nenpòt moun si dosye yo divilge;
- (g) se kominikasyon ant ajans oswa andedan ajans, sof nan limit materyèl yo fòme avèk:
 - i. tabilasyon oswa done estatistik oswa ki baze sou reyalyte;
 - ii. enstriksyon pou ekip ki afekte piblik la;
 - iii. règleman oswa detèminasyon final ajans lan; oswa
 - iv. odit ekstèn, tankou, men pa sèlman odit kontwolè finansye a ak gouvènman federal la fè;
- (h) se kesyon egzaminasyon oswa repons yo mande anvan administrasyon final kesyon yo; oswa
- (i) si dosye yo divilge, yo ta menase konpetans yon ajans oswa yon enstitisyon ki te bay enfòmasyon pou yon ajans pou garanti sekirite ekipman teknolojik enfòmasyon li yo, tankou ekipman ki gen ladan sistèm enfòmasyon elektwonik ak enfrastrikti; oswa
- * (j) se foto, mikwo-foto, kasèt videyo oswa lòt imaj anrejistre ki prepare anba otorite seksyon onz mill onz-a lwa sou veyikil ak sikilasyon.
* NB Siprime 1ye Desanm 2014
- * (k) se foto, mikwo-foto, kasèt videyo oswa lòt imaj anrejistre ki prepare anba otorite seksyon onz mill onz-b lwa sou veyikil ak sikilasyon.
* NB Siprime 1ye Desanm 2014
- * (k) se foto, mikwo-foto, kasèt videyo oswa lòt imaj anrejistre ki pwodui nan aparèy foto liy otobis epi ki prepare anba otorite seksyon onz mill onz-c lwa sou veyikil ak sikilasyon.
* NB Siprime 20 Septanm 2015

Anjeneral, kategori dosye yo kapab konsène konsekans divilgasyon yo ki ka nuizib. Yo baze sitou sou nosyon ki endike divilgasyon an ta nan kèk ka, “afekte,” “lakòz gwo domaj,” “nuizib,” “lakòz moun pèdi,” “menase,” elatriye.

Yon kategori dosye yo kapab konteste ki pa gen pou wè dirèkteman ak konsekans divilgasyon yo se eksepsyon (g), ki gen pou wè ak materyèl entè-ajans ak andedan ajans yo. Entansyon eksepsyon an doub. Kominikasyon alekri ki transmèt ant yon ofisyèl ak yon ajans ba yon ofisyèl yon lòt ajans oswa ant kèk ofisyèl ki andedan yon ajans ka jwenn refi nan limit yo gen konsèy, avi oswa rekòmandasyon. Pa egzanp, yo pa mete disponib yon avi ekip la prepare lè moun ki alatèt yon ajans ka rejte oswa aksepte avi a. Yon lòt kote, enfòmasyon estatistik oswa enfòmasyon ki baze sou reyalye, epi règleman ak detèminasyon ajans depann yo pou pran responsablite li yo disponib, sof si yon eksepsyon diferan aplike.

Gen dispozisyon espesyal tou nan lwa a konsènan pwoteksyon sekre komèsyal ak enfòmasyon enpòtan sou enfrastruktir. Dispozisyon sa yo konsène sèlman ajans eta a epi yo pèmèt yon enstitisyon komèsyal soumèt rapò ba ajans eta a pou mande pou yo kenbe dosye yo epi pou separe ak tout lòt dosye ajans lan. Lè yo fè yon demann pou dosye ki tonbe nan dispozisyon espesyal sa yo, moun ki soumèt dosye a resevwa avi ak yon okazyon pou jistifye yon reklamasyon ki endike si dosye yo divilge dosye yo sa ta lakòz gwo domaj nan pozisyon kompetitif antrepriz komèsyal la. Yon manm piblik la ki mande dosye yo ka konteste yon reklamasyon konsa.

Anjeneral, lalwa aplike pou dosye ki la deja yo. Poutèt sa, yon ajans pa bezwen kreye yon dosye pou bay repons pou yon demann. Malgre sa, chak ajans dwe konsève dosye ki endike anba la yo:

- (a) yon dosye vòt final chak manm nan chak pwosedi ajans lan kote manm lan vote;
- (b) yon dosye ki endike non, adrès biwo piblik, tit ak salè chak fonksyonè oswa anplwaye ajans lan; epi
- (c) dènye lis ki bay detay rezonab dapre sijè tout dosye yon ajans posede, kit dosye aksesib kit yo pa aksesib. (§87(3))

Pwoteksyon enfòmasyon prive

Youn nan eksepsyon dwa pou aksè ki nan referans anvan an endike yo ka pa divilge dosye yo lè divilgasyon an ta lakòz yon “vyolasyon enfòmasyon pèsonèl enjis” (§87(2)(b)).

Sof yo kapab konteste dosye yo, yo pa dwe entèprete divilgasyon an kòm yon vyolasyon enfòmasyon pèsonèl enjis lè yo efase detay idantifikasyon yo, lè moun dosye a konsène a bay konsantman li alekri pou divilgasyon an, oswa lè gen prèv idantite rezonab ki prezante, yon moun ap chèche jwenn dosye ki konsène li.

Lè yo fè yon demann pou dosye ki gen ladan yon lis non ak adrès kay oswa ekivalan an, ajans lan gen pèmision pou egzije pou moun ki aplike a konfime li p ap itilize lis la pou solisitasyon oswa pou aktivite ranmase lajan epi li p ap vann, bay oswa mete lis yo disponib pou okenn lòt moun pou pèmèt moun nan itilize lis la pou solisitasyon oswa aktivite ranmase lajan (§89(3)(a)).

Depi ane 2010, ajans yo gen entèdiksyon pou divilge nimewo sekirite sosyal ba piblik la avèk entansyon yo (§96-a).

Fason Pou Jwenn Dosye yo

Lis sijè yo

Jan sa note anvan an, chak ajans dwe konsève yon “lis sijè” (§87(3)(c)). Lis la pa yon konpilasyon chak dosye yon ajans posede, men pito se yon lis sijè oswa kategori fichye kote ajans lan konsève dosye yo. Li dwe fè referans nan tout dosye ajans yon posede, kit dosye yo disponib kit yo pa disponib. Ou gen dwa pou konnen kalite dosye ajans yo konsève.

Ajans lan dwe konpile lis sijè a avèk detay ki ase pou pèmèt ou idantifye kategori fichye dosye w ap chèche yo, epitou ajans lan dwe fè modifikasyon ladan chak ane. Chak ajans eta gen obligasyon pou afiche lis sijè li sou entènèt. Yon lòt fason nan sa epi souvan yon ranplasman pou yon lis sijè se yon kalandriye konsèvasyon dosye yo. Achiv Leta (State Archives) ki prepare kalandriye yo konsènan gouvènman eta ak gouvènman lokal ki deyò Vil New York; Depatman Sèvis Dosye ak Enfòmasyon Vil New York (NYC Department of Records and Information Services) prepare kalandriye ki anvigè nan Vil New York.

Règleman yo

Chak ajans dwe adopte prensip ki baze sou règleman jeneral Komite a pibliye. Pwosedi sa yo dekri fason ou kapab enspekte ak kopye dosye yo. Règleman Komite a ak yon modèl ki la pou pèmèt ajans yo konfòme yo san pwoblèm disponib sou sitwèb Komite a. Gade Règleman Komite pou Gouvènman Ouvè ak Règ Modèl pou Ajans yo.

Deziyasyon fonksyonè ki pou bay aksè nan dosye yo

Dapre règleman Komite a, chak ajans dwe deziyen youn oswa anpil moun kòm fonksyonè ki pou bay aksè nan dosye yo. Fonksyonè ki bay aksè nan dosye yo gen responsablite pou kowòdone repons yon ajans pou demann piblik la pou dosye yo nan yon manyèr apwopriye. Answit, fonksyonè ki bay aksè nan dosye yo responsab pou asire anplwaye ajans lan ede idantifye dosye moun nan ap chèche a, fè dosye yo disponib san pèdi tan oswa refize bay aksè alekri, bay kopi dosye yo oswa kite ou fè kopi yo, konfime yon kopi se yon vrè kopi epi, si ou pa kapab jwenn dosye yo, konfime ajans lan pa posede dosye ou mande yo, oswa ajans lan gen dosye yo, men yo pa kapab jwenn yo apre anpil rechèch.

Règleman yo endike tou piblik la dwe kontinye gen aksè nan dosye yo avèk èd ofisyèl ki te otorize anvan pou mete enfòmasyon yo disponib.

Demann pou dosye

Yon ajans ka mande ou pou fè demann ou alekri. Gade Modèl Demann pou Dosye yo. Lwa a egzije ou pou “bay yon deskripsyon rezonab” sou dosye ou enterese jwenn nan (§89(3)(a)). Si yon demann bay yon deskripsyon rezonab sou dosye yo li souvan gen pou wè ak kalite sistèm klasman oswa konsèvasyon rejis yon ajans. Si ajans lan konsève dosye yo nan lòd lèt alfabè a, yon demann pou dosye ki konsève yon evènman ki te fèt nan yon sèten dat ta pa ka bay yon deskripsyon rezonab sou dosye yo. Lokalizasyon dosye yo nan sityasyon sa a ta ka gen ladan rechèch zegwi nan yon touf pay, epi yon ajans pa gen obligasyon pou angaje nan limit efò sa a. Responsablite pou idantifye epi jwenn dosye moun nan ap chèche yo rete nan yon limit sou ajans lan. Si li posib, ou ta dwe bay dat, tit, deziyasyon fichye, oswa nenpòt lòt enfòmasyon k ap ede ekip ajans lan jwenn dosye ou mande yo, epi li ka enteresan pou konnen kijan yon ajans konsève dosye ou enterese jwenn yo (sètadi, nan lòd lèt alfabè, nan lòd kwonolojik oswa selon pozisyon) yon fason pou ou kapab fè yon demann kòrèk.

Lwa a prevwa tou ajans yo dwe aksepte demann yo epitou yo dwe transmèt dosye ou mande yo nan imèl lè yo gen mwayen pou fè sa. Modèl Demann pou Dosye yo nan Imèl.

Nan senk (5) jou ouvrab apre ajans lan resevwa yon demann alekri pou yon dosye ki gen yon deskripsyon rezonab, ajans lan dwe mete dosye a disponib, li dwe refize aksè alekri pou bay rezon pou refi a, oswa li dwe bay yon rekonesans resepsyon demann lan alekri ak yon deklarasyon sou estimasyon dat lè l ap akòde oswa refize demann lan, ki dwe rezonab an konsiderasyon sikonstans espesyal, tankou volim oswa kompleksite demann lan. Anjeneral, dat estime a pa kapab depase 20 jou ouvrab apati dat ajans lan rekonèt li resevwa yon demann. Si yo detèmine plis pase 20 jou ouvrab pral nesèsè pou akòde yon demann nèt oswa yon pòsyon ladan, rekonesans ajans lan dwe eksplike rezon an epitou li dwe bay yon dat espesyal pou lè l ap akòde yon demann nèt oswa yon pòsyon nan demann lan. Lè yon repons pran reta ki depase 20 jou ouvrab, repons lan dwe rezonab anrapò ak sikonstans demann lan.

Si ajans lan pa respekte okenn nan kondisyon ki konsène tan li dwe bay repons pou yon demann, moun k ap chèche dosye yo dwe konsidere li jwenn refi pou demann lan epitou li ka konteste refi a. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Eksplikasyon Limit Tan pou Bay Repons pou Demann.

Frè pou peye

Yo dwe mete kopi dosye yo disponib sou demann. Sof lè yo prevwa yon frè diferan pou peye dapre lwa a (yon lwa Lejislati Eta a), yon ajans pa ka reklame frè pou enspeksyon, sètifika oswa rechèch dosye, oswa ajans lan pa ka reklame frè ki depase 25 santim pou chak kopi apeprè 9 pous pa 14 pous (§87(1)(b)(iii)). Ajans lan ka reklame frè pou peye pou kopi lòt dosye yo dapre pri pou fè kopi nan moman an. Pa ka gen rezon pou reklame frè pou peye pou kopi dosye yo transmèt sou fòm elektwonik; men, lè ou mande done elektwonik, gen okazyon lè ajans lan kapab fè ou peye pou tan anplwaye a pase ap prepare done elektwonik yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Nouvèl 2008/Frè pou Peye pou Enfòmasyon Elektwonik.

Refi pou bay aksè ak kontestasyon pou sa

Sof ajans lan bay yon refi pou yon demann akòz li pa bay repons nan yon mannyè ki apwopriye, ajans lan dwe bay yon refi pou aksè alekri, pou endike rezon pou refi a, epi pou fè ou konnen dwa ou genyen pou konteste devan moun oswa enstitisyon ki alatèt ajans lan oswa devan moun alatèt oswa enstitisyon ki alatèt ajans lan deziyen pou detèmine kontestasyon yo. Ou ka fè kontestasyon ou nan 30 jou apre yon refi.

Lè ajans lan resevwa kontestasyon an, moun ki alatèt ajans lan, enstitisyon ki alatèt ajans lan oswa fonksyonè ki responsab kontestasyon yo gen 10 jou ouvrab pou ba ou tout eksplikasyon alekri sou rezon pou refi aksè a oswa pou ba ou aksè nan dosye yo. Ajans lan dwe voye kopi kontestasyon yo ak detèminasyon yo ba Komite pou Gouvènman Ouvè (§89(4)(a)). Si yo pa fè yon detèminasyon sou yon kontestasyon nan 10 jou ouvrab apre ajans lan resevwa kontestasyon sa a sa konsidere kòm yon refi pou kontestasyon.

Ou ka chèche revizyon jidisyè pou refi final yon ajans avèk mwayen yon pwosedi ki fèt anba Atik 78 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil. Lè yon refi baze sou yon eksepsyon nan dwa aksè, ajans lan gen obligasyon pou pwouve dosye w ap chèche a tonbe nan eksepsyon an (§89(4)(b)).

Freedom of Information Law pèmèt yon tribinal, dapre desizyon li, akòde frè rezonab avoka pou yon moun yo bay refi pou aksè nan dosye yo. Pou fè sa, yon tribinal dwe jwenn moun nan te jwenn refi pou aksè “ki konvenkan ase”, epi swa ajans lan pa t gen baz rezonab pou bay refi pou aksè a oswa ajans lan pa t respekte limit tan pou bay repons pou yon demann oswa pou yon kontestasyon.

Aksè nan Dosye Lejislatif yo

Seksyon 88 Freedom of Information Law aplike sèlman pou Lejislati Eta a epi li bay aksè nan dosye li posede ki endike anba la yo:

- (a) pwojè-lwa, nòt fiskal, memorandòm moun ki entwodui pwojè-lwa yo, rezolisyon ak dosye ki gen endis yo;
- (b) mesaj Gouvènè oswa lòt chanm Lejislati yo resevwa, ak mesaj sou règ chanm nan;
- (c) avi lejislatif sou adopsyon règ yon ajans pwopoze;
- (d) transkripsyon, kontrandi, dosye jounal sesyon piblik yo, tankou reyinyon komite yo, odyans sou-komite yo ak odyans piblik yo, ak dosye prezans nenpòt vòt yo te fè;
- (e) odit entèn oswa odit ekstèn ak tabilasyon estatistik oswa tabilasyon done ki baze sou reyalite, pou oswa anrapò ak materyèl ki disponib pou piblik la enspekte oswa kopye dapre seksyon sa a oswa nenpòt lòt dispozisyon lwa ki anvigè;
- (f) manyèl ak enstriksyon anplwaye administratif pou anplwaye ki afekte piblik la;

(g) rapò final ak avi fòmèl yo soumèt ba Lejislati a;

(h) rapò final oswa rekòmandasyon ak minorite oswa rapò kontestasyon ak avi manm komite yo, sou-komite yo, oswa komisyon Lejislati a; epi

(i) nenpòt lòt dosye ki disponib anba nenpòt dispozisyon lalwa.

Answit, chak chanm Lejislati a dwe konsève epi mete disponib:

(a) yon dosye vòt chak manm nan chak sesyon, reyinyon komite ak sou-komite kote manm lan vote;

(b) yon dosye pewòl ki endike non, adrès biwo piblik, tit ak salè chak fonksyonè oswa anplwaye; epi

(c) yon dènye lis, ki bay detay rezonab, dapre sijè nenpòt dosye ki obligatwa pou yo mete disponib dapre seksyon 88.

Chak chanm gen obligasyon pou pibliye règleman ki konsène aspè pwosedi lwa a. Demann yo ta dwe fèt ba fonksyonè piblik ki responsab enfòmasyon nan chak chanm apa.

Aksè nan Dosye Tribinal

Menmsi tribinal yo pa depannde Freedom of Information Law, §255 Lwa Jidisyè te toujou egzije grefye yon tribinal pou “chèche fichye, papyè, dosye, ak rejis prese-prese nan biwo li” epi depi gen peman ki fèt, li dwe fè kopi enfòmasyon yo. Tribinal Jistis yo pwoteje nan §2019-a Lwa sou Tribinal Jistis Inifòm, ki endike “dosye ak rejis tribinal la, sof lè lalwa prevwa sa ki kontrè, dwe louvri nan tan rezonab pou piblik la fè enspeksyon...”.

Ajans ki responsab pou administre branch jidisyè a se pa tribinal yo ye epi poutèt sa yo trete yo kòm ajans ki depannde Freedom of Information Law.

Modèl Lèt

Demann Dosye (Modèl)

Fonksyonè ki Bay Aksè nan Dosye

Non Ajans lan

Adrès Ajans lan

Vil, New York, Kòd postal

Referans: Demann Dapre Lwa sou

Libète Enfòmasyon

Fonksyonè ki Bay Aksè nan Dosye:

Fonksyonè ki Bay Aksè nan Dosye:

Dapre dispozisyon New York Freedom of Information Law, Atik 6 Lwa konsènan Fonksyonè Piblik, mwen mande dosye oswa kèk pòsyon nan dosye ki gen pou wè ak (oswa ki gen sa ki anba la yo) _____ (efò pou idantifye dosye ou enterese jwenn yo aklè otank posib). Si demann mwen parèt twò gwo oswa si li pa bay yon deskripsyon rezonab sou dosye yo, tanpri kontakte mwen alekri oswa nan telefòn nan nimewo _____.

Si gen nenpòt frè pou peye pou fè kopi dosye mwen mande yo, tanpri fè mwen konnen sa anvan mwen fè demann lan (oswa: ... tanpri ban mwen dosye yo san nou pa fè mwen konnen si frè pou peye yo depase \$ _____).

Tankou ou konnen, Freedom of Information Law egzije pou yon ajans bay repons pou yon demann nan senk (5) jou ouvrab apre yo resevwa yon demann. Poutèt sa, mwen ta apresye yon repons san pèdi tan epitou mwen espere tande ou nan yon ti tan. Si pou nenpòt rezon ou bay refi pou nenpòt pòsyon nan demann mwen, tanpri fè mwen konnen rezon pou refi a alekri epitou ban mwen non ak adrès moun nan oswa enstitisyon kote mwen kapab fè yon kontestasyon pou sa.

Ak tout kè nou,

Siyati

Non

Adrès

Vil, Eta, Kòd Postal

(Nòt: pou asire ou jwenn repons san pèdi tan, nou rekòmande pou ou itilize lèt sa a nan lang Anglè.)

Demann Dosye nan Imèl (Modèl)

(Yo sijere pou ajans yo kreye yon imèl ki la pou resevwa demann yo. Nou rekòmande pou ou revize sitwèb ajans ki konsève dosye w ap chèche yo yon fason pou ou jwenn imèl li ak fonksyonè ki bay aksè nan dosye li yo.)

(Li sijè demann ou ta dwe se “FOIL Request” (Demann Dapre FOIL).)

Chè Fonksyonè ki Bay Aksè nan Dosye:

Tanpri voye dosye ki endike anba la yo nan imèl pou mwen si li posib (mete tout detay ou kapab sou dosye a otank posib, tankou dat enpòtan yo, non, deskripsyon yo, elatriye):

OSWA

Tanpri fè mwen konnen tan apwopriye pandan orè nòmal biwo louvri pou enspekte dosye ki anba la yo anvan mwen jwenn kopi yo (mete tout detay sou dosye yo otank posib, tankou dat enpòtan, non, deskripsyon, elatriye):

OSWA

Tanpri fè mwen konnen pri pou ban mwen kopi sou papyè dosye ki anba la yo (mete tout detay sou dosye yo otank posib, tankou dat enpòtan, non, deskripsyon, elatriye).

EPI/OSWA

Si ou pa kapab imèl mwen tout dosye mwen mande yo, tanpri fè mwen konnen nan imèl pòsyon ou kapab imèl mwen yo epitou fè mwen konnen pri pou fè kopi rès dosye mwen mande yo (\$0.25 pou chak paj oswa vrè pri pou fè kopi a).

Si ou pa kapab imèl mwen dosye mwen mande yo akòz volim dosye mwen ki idantifye nan repons ou bay pou demann mwen, tanpri fè mwen konnen vrè pri pou fè kopi tout dosye ki nan aparèy estokaj la oswa nan lòt medya.

Si demann mwen twò gwo oswa si li pa bay yon deskripsyon rezonab sou dosye yo, tanpri kontakte mwen nan imèl yon fason pou mwen ka bay eklèsisman sou demann mwen, epitou lè li posib, fè mwen konnen mannyè yo klase, jwenn oswa kreye dosye yo.

Si li nesèsè pou fè chanjman nan demann mwen, epi si yon repons nan imèl pa rekòmande, tanpri kontakte mwen nan nimewo telefòn ki endike anba la a: _____.

Si pou nenpòt rezon ou bay refi pou yon nenpòt pòsyon nan demann mwen, tanpri fè mwen konnen rezon pou refi a alekri epitou ban mwen non, adrès ak imèl moun nan oswa enstitisyon kote mwen kapab fè yon kontestasyon pou sa.

(Non)

(Adrès, si se pa lapòs yo dwe voye dosye yo).

Kontestasyon Yon Refi Alekri (Modèl)

Non Ofisyèl Ajans lan

Fonksyonè ki Responsab Kontestasyon yo

Non Ajans lan

Adrès Ajans lan

Vil, New York, Kòd postal

Referans: Kontestasyon Dapre Lwa sou

Libète Enfòmasyon

Chè _____:

Mwen konteste refi ou bay pou aksè konsènan demann mwen, mwen te fè nan dat _____ (dat la) epi mwen te voye ba _____ (ofisyè ki bay aksè nan dosye yo, non ak adrès ajans lan).

Dosye mwen te jwenn refi pou yo a gen ladan: _____ (dekri dosye ou te jwenn refi pou yo nan limit ki posib epi, si li posib, bay rezon ki fè ou pa dakò avèk refi a, sètadi, depi ou tache yon avi Komite pou Gouvènman Ouvè ou te jwenn pou sitwèb li a).

Jan sa obligatwa dapre Freedom of Information Law, moun oswa enstitisyon ki alatèt ajans lan, oswa kèlkeswa moun li deziyen pou detèmine kontestasyon yo, gen obligasyon pou bay yon repons nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa kontestasyon an. Si yo bay refi pou dosye yo nan kontestasyon an, tanpri eksplike rezon pou refi a nèt alekri, jan lwa a egzije sa.

Answit, tanpri sonje Freedom of Information Law egzije pou yo voye tout kontestasyon ak detèminasyon ki vini apre ba Committee on Open Government, Department of State, One Commerce Plaza, 99 Washington Ave., Albany, New York 12231.

Ak tout kè nou,

Siyati

Non

Adrès

Vil, Eta, Kòd Postal

(Nòt: pou asire ou jwenn repons san pèdi tan, nou rekòmande pou ou itilize lèt sa a nan lang Anglè.)

Kontestasyon yon Refi Paske yon Ajans Pa Bay Repons nan yon Mannyè ki Apwopriye (Modèl)

Fonksyonè ki Responsab Kontestasyon dapre FOIL

Non Ajans lan

Adrès Ajans lan

Vil, New York, Kòd postal

Referans: Kontestasyon Dapre Lwa sou

Libète Enfòmasyon

Chè _____:

Mwen te mande (bay yon deskripsyon dosye yo) avèk yon demann alekri ki te fèt nan dat _____ (dat la). Plis pase senk (5) jou ouvrab pase depi lè yo resevwa demann lan san mwen pa t jwenn yon repons... oswa... Menmsi yo te rekonèt resepsyon demann lan epi yo te fè mwen konnen yon yo ta ban mwen yon repons anvan dat _____, men mwen pa t resevwa repons lan. Poutèt sa, mwen konsidere yo bay refi pou demann lan, epi mwen konteste refi a sou baz sa a.

Jan sa obligatwa dapre Freedom of Information Law, moun oswa enstitisyon ki alatèt ajans lan, oswa kèlkeswa moun li deziyen pou detèmine kontestasyon yo, gen obligasyon pou bay yon repons nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa kontestasyon an. Si yo bay refi pou dosye yo nan kontestasyon an, tanpri eksplike rezon pou refi a nèt alekri, jan lwa a egzije sa.

Answit, tanpri sonje Freedom of Information Law egzije pou yo voye tout kontestasyon ak detèminasyon ki vini apre ba Committee on Open Government, Department of State, One Commerce Plaza, 99 Washington Ave., Albany, New York 12231.

Ak tout kè nou,

Siyati

Non

Adrès

Vil, Eta, Kòd Postal

(Nòt: pou asire ou jwenn repons san pèdi tan, nou rekòmande pou ou itilize lèt sa a nan lang Anglè.)

Reyinyon Lib

Open Meetings Law, ki rele souvan “Sunshine Law”, te anvigè nan ane 1977. Amanman ki eklèsi epi ki konfime dwa ou pou tandè delibèrasyon enstitisyon piblik yo te vin anvigè nan ane 1979.

An rezime, lwa a bay piblik la dwa pou patisipe nan reyinyon enstitisyon piblik yo, pou koute deba yo epi pou gade metòd yo itilize pou pran desizyon yo. Lwa a egzije enstitisyon piblik yo pou yo bay avi sou tan ak kote reyinyon yo ap fèt, epi pou yo konsève kontrandi tout mezi yo adopte.

Jan sa endike nan deklarasyon lejislatif la nan Open Meetings Law (§100): “Nan antretyen yon sosyete demokratik, li enpòtan pou yo fè deba sou kesyon enpòtan yo nan yon manyè ki lib ak piblik, pou sitwayen eta sa a byen konnen ak kapab obsève pèfòmans fonksyonè piblik yo, epitou pou yo asiste epi koute diskisyon ak desizyon ki ale nan kreyasyon politik piblik yo.”

Kisa yon reyinyon ye?

“Reyinyon” defini kòm mwayen “rankont ofisyèl yon enstitisyon piblik pou fè zafè piblik” (§102(1)), epi tribinal yo entèprete li avèk anpil detay. Nenpòt lè yon kowòm yon enstitisyon piblik rasanble pou diskite sou zafè piblik, yo dwe fè reyinyon an lib pou piblik la, kit gen entansyon pou adopte mezi kit pa gen entansyon pou sa, epitou kèlkeswa manyè yo ka defini rasanbleman an. Definisyon an bay manm enstitisyon piblik yo otorizasyon tou pou fè reyinyon yo nan videyo-konferans. Yo pa kapab valide yon reyinyon ki fèt nan telefòn oswa avèk itilizasyon imèl.

Paske lalwa aplike pou reyinyon “ofisyèl” yo, gen pou chans reyinyon yo oswa rasanbleman piblik yo pa fèt; men, si ta gen yon kowòm san yo pa t bay avi a, diskisyon an pa ta dwe konsène zafè piblik. Epitou, lalwa pa di anyen anrapò ak patisipasyon piblik la. Poutèt sa, yon enstitisyon piblik ka gen bay piblik la pèmasyon pou pale nan reyinyon lib yo, men li pa gen obligasyon pou fè sa.

Kisa ki pwoteje nan lwa a?

Lwa a aplike pou tout enstitisyon piblik yo. “Enstitisyon piblik” defini pou konsève enstitisyon ki gen ladan de (2) oswa plis moun k ap fè zafè piblik epi k ap fè yon fonksyon gouvènman pou eta a, pou yon ajans eta a, oswa pou sosyete piblik yo, tankou vil yo, konte yo, ti vil yo, vilaj yo, ak distri lekòl yo (§102(2)). Answit, komite ak sou-komite ki gen ladan sèlman manm yon konsèy administrasyon fè pati nan definisyon an espesyalman. Poutèt sa, konsèy minisipal vil yo, konsèy ti vil yo, konsèy administrasyon vilaj yo, konsèy administrasyon lekòl yo, kò lejislatif yo ak sou-komite gwoup sa yo tonbe nan aplikasyon lwa a. Kò konsiltatif sitwayen yo ak gwoup konsiltatif sanblab ki pa kreye dapre lwa a pa gen obligasyon pou respekte Open Meetings Law.

Avi pou Anonse Reyinyon yo

Lalwa egzije pou yo bay avi sou tan ak kote tout reyinyon yo pral fè anvan chak reyinyon (§104). Si yo pwograme yon reyinyon omwen yon semèn davans, yo dwe bay avi a pou piblik la ak medya enfòmasyon yo pa mwens pase 72 èdtan anvan reyinyon an. Yo dwe bay avi pou piblik la lè yo afiche avi a nan youn oswa plis espas piblik ki deziyen epi, lè li posib, yo dwe afiche avi a sou entènèt.

Lè yo pwograme yon reyinyon nan mwens pase yon semèn davans, yo dwe bay avi a pou piblik la ak medya enfòmasyon yo “nan limit ki posib” nan yon lè ki rezonab anvan reyinyon an. Yon fwa ankò, yo dwe bay avi a pou piblik la lè yo afiche avi a nan kote ki deziyen ak sou entènèt.

Si yo itilize videyo-konferans pou fè yon reyinyon, avi piblik pou reyinyon an dwe fè piblik la konnen yo pral itilize videyo-konferans, avi a dwe idantifye kote yo pou reyinyon an, epitou avi a dwe endike si piblik la gen dwa pou patisipe nan reyinyon an nan nenpòt kote yo.

Dosye ki dwe diskite yo

Si dosye yo pwograme pou diskite pandan yon reyinyon lib disponib dapre FOIL oswa si dosye sa yo gen ladan yon rezolisyon, yon lwa, yon règ, yon règleman, yon politik piblik oswa nenpòt amannman nan lwa a ki pwopoze, li obligatwa pou yo mete dosye a disponib “nan limit ki posib” sou entènèt epi pou bay repons pou yon depann pou fè enspeksyon oswa pou fè kopi anvan oswa pandan reyinyon an.

Kilè yo kapab fèmen yon reyinyon?

Lwa a prevwa sesyon ki fèmen oswa “egzekitif” nan sikonstans ki endike nan lwa a. Li enpòtan pou fè konnen yon sesyon egzekitif apa avèk yon reyinyon lib, men pito li defini kòm yon pòsyon nan yon reyinyon lib lè yo ka eskli piblik la (§105).

Pou òganize yon sesyon egzekitif, lwa a egzije pou yon enstitisyon piblik fè anpil etap pwosedi. Premyèman, yo dwe fè yon mosyon pandan yon reyinyon lib pou antre nan sesyon egzekitif la; dezyèmman, mosyon an dwe idantifye “domèn jeneral oswa kèk domèn jeneral sijè a oswa sijè yo pou yo konsidere a,” epi twazyèmman, yo dwe egzekite mosyon an avèk yon vòt majorité manm total enstitisyon piblik la.

Yon enstitisyon piblik pa kapab fèmen pòt li pou piblik la pou diskite sou sijè li chwazi, paske lwa a endike epi limite sijè yo ka diskite kòm sadwa nan sesyon egzekitif la. Men kèk nan uit (8) domèn yo ka diskite dèyè pòt ki fèmen:

- (a) zafè k ap menase sekirite piblik la si yo divilge yo;
- (b) nenpòt zafè ki kapab divilge idantite yon ajan lapolis oswa idantite yon denonsyatè;
- (c) enfòmasyon ki konsène ankèt k ap fèt oswa ankèt ki pral fèt oswa pou swit lajistis kont yon zak kriminel ki ta lapolis si yo divilge li;
- (d) diskisyon konsènan litij ki pwopoze, ki annatant oswa ki la nan moman an;

(e) negosyasyon an gwoup dapre Atik 14 Lwa sou Sèvis Sivil (Lwa Taylor);

(f) istwa medikal, istwa finansye, istwa kredi oswa istwa travay yon moun oswa yon sosyete patikilye, oswa zafè ki mennen nan nominasyon, travay, pwomosyon, degradasyon, disiplin, sispansyon, ranvwa oswa revokasyon yon moun oswa yon sosyete patikilye;

(g) preparasyon, bay nòt oswa bay egzamen; epi

(h) acha, lavant oswa afèmaj byen imobilye ki pwopoze oswa acha tit ki pwopoze, oswa lavant oswa boukantay tit enstitisyon piblik la fè, men sèlman lè piblisite a gen gwo efè sou valè li.

Sijè sa yo se sèlman sijè yo ka diskite sou yo dèyè pòt fèmen; tout lòt deliberasyon yo dwe fèt pandan reyinyon lib yo.

Li enpòtan pou fè konnen yon enstitisyon piblik pa kapab janm vote pou afekte lajan piblik pandan yon sesyon fèmen. Poutèt sa, menmsi pifò enstitisyon piblik yo ka vote pandan yon sesyon egzekitif ki reyini kòrèkteman, nenpòt vòt pou afekte lajan piblik dwe fèt an piblik.

Lwa a endike manm enstitisyon piblik la ak nenpòt moun enstitisyon piblik la otorize kapab patisipe nan yon sesyon egzekitif tou.

Remake paragaf (f) fè referans souvan a “anplwaye,” menmsi tèm nan pa parèt nan rezon pou òganize sesyon egzekitif yo. Sèlman lè diskisyon an konsantre sou yon “moun oswa yon sosyete patikilye” anrapò ak youn oswa anpil sijè ki endike nan dispozisyon sa a se yon sesyon egzekitif ki gen pèmision.

Aprè reyinyon an — kontrandi pou bay

Si ou pa kapab patisipe nan yon reyinyon, ou toujou kapab chèche konnen ki mezi yo te adopte, paske Open Meetings Law egzije pou yo konpile kontrandi reyinyon lib ak sesyon egzekitif epitou pou yo mete yo disponib pou piblik la (§106).

Kontrandi yon reyinyon lib dwe gen ladan “yon dosye rezime tout mosyon, pwopozisyon, rezolisyon ak nenpòt zafè yo vote fòmèlman sou li ak vòt ki fèt la.” Kontrandi sesyon egzekitif yo dwe gen ladan yo “yon dosye oswa rezime detèminasyon final” aksyon yo te pran an, “ak dat ak vòt ki fèt la.” Poutèt sa, si, pa egzans, yon enstitisyon piblik ap sèlman diskite sou yon zafè pandan sesyon egzekitif la, si men li pa adopte mezi, yo pa bezwen konpile kontrandi yon sesyon egzekitif; men, si yo adopte mezi, yo dwe konpile kontrandi yo epitou pou yo mete yo disponib.

Li enpòtan tou pou fè konnen Freedom of Information Law egzije pou yo konpile yon dosye vòt ki idantifye kijan chak manm apa te vote nan chak ka kote yo te fè yon vòt. Poutèt sa, kontrandi ki gen pou wè ak vòt kat sou kat (4) kont twa (3) dwe endike tou kimoun te vote anfavè, ak kimoun ki te vote kont. Lwa a pa egzije apwobasyon kontrandi yo, men li egzije pou yo prepare kontrandi reyinyon lib yo epi pou yo divilge yo nan de (2) semèn.

Aplikasyon lwa a

Kisa ki kapab fèt si yon enstitisyon piblik òganize yon reyinyon an sekre? Kisa pou mwen fè si yon enstitisyon piblik pran yon desizyon an prive alòske yo ta dwe pran desizyon sa a an piblik?

Nenpòt moun “ki pa kontan” kapab fè yon pwosè pou sa. Paske lwa a di reyinyon yo lib pou piblik jeneral la, yon moun ka pa kontan si yo eskli li yon mannyè ki pa kòrèk nan yon reyinyon oswa si yo te òganize yon sesyon egzekitif yon fason ki pa kòrèk.

Avèk yon kontestasyon nan lajistis, yon tribinal gen pouvwa pou deklare swa enstitisyon piblik la te vyole Open Meetings Law epi/ oswa tribinal la gen pouvwa pou deklare mezi yo adopte a nil (§107). Si tribinal la detèmine yon enstitisyon piblik vyole lwa a, tribinal la gen otorite pou egzije manm enstitisyon piblik la pou yo resevwa fòmasyon ekip Komite a bay. Yon tribinal gen otorite tou pou akòde frè rezonab avoka pou moun konsène ki gen siksè a. Sa vle di si ou ale nan tribinal epi ou genyen, yon tribinal ka (men pa bezwen) ranbouse ou lajan pou depans ou fè pou frè legal yo. Yo lòt kote, si tribinal la te jwenn yon enstitisyon piblik te vote an prive “an vyolasyon flagran” lalwa “oswa si tribinal la te jwenn deliberasyon yo te fèt an prive” alòske yo ta dwe fèt an piblik, tribinal la ta gen obligasyon pou akòde depans yo ak frè avoka ba moun konsène ki gen siksè a. Yon dedomajman obligatwa frè avoka ta aplike sèlman lè sekre a se pwoblèm nan.

Remake yon echèk ki pa entansyonèl pou konfòme nèt avèk kondisyon pou bay avi a “pa dwe sèl rezon pou anile aksyon yo adopte nan yon reyinyon yon enstitisyon piblik.”

Espas reyinyon yo

Jan sa endike anvan, tout reyinyon yon enstitisyon piblik lib pou piblik jeneral la. Lwa a egzije pou enstitisyon piblik yo fè efò rezonab pou asire reyinyon yo fèt nan kote ki bay pèmision pou “aksè fizik nan baryè lib” pou moun ki gen andikap fizik, epi pou yo fè reyinyon yo nan sal ki kapab “adapte kòm sadwa” pou kantite manm piblik la ki vle patisipe ladan yo (§103).

Egzanpsyon nan lwa a

Open Meetings Law pou aplike pou:

- (1) pwosedi jidisyè oswa pwosedi ki prèske jidisyè, sof pwosedi komite ki responsab repatisyon kontestasyon yo nan zòn;
- (2) deliberasyon komite politik, konferans ak reyinyon moun k ap dirije; oswa
- (3) zafè lwa federal oswa lwa eta a konsidere an sekre (§108).

Jan sa endike yon fason diferan, lwa a pa aplike pou pwosedi ki devan yon tribinal oswa ki devan yon enstitisyon piblik ki aji nan konpetans yon tribinal, pou reyinyon moun k ap dirije, oswa pou diskisyon ki konsène zafè yo ta ka mete an sekre anba lòt dispozisyon lwa a. Pa egzanp, lwa federal egzije pou yo kenbe dosye ki idantifye elèv yo an sekre. Poutèt sa, yon diskisyon konsèy administrasyon yon lekòl fè sou dosye ki ka idantifye yon elèv patikilye ta reprezante yon zafè lwa federal konsidere kòm sekre epi ki ta gen egzanpsyon nan Open Meetings Law.

Patisipasyon Piblik la ak Anrejistreman Reyinyon yo

Open Meetings Law bay piblik la dwa pou patisipe nan reyinyon enstitisyon piblik yo, men lwa a pa di anyen konsènan konpetans manm piblik la pou pran lapawòl oswa pou patisipe. Menmsi enstitisyon piblik yo pa gen obligasyon pou bay piblik la pèmision pou pran lapawòl nan reyinyon yo, anpil chwazi pou fè sa. Nan ka sa yo, mande pou yon enstitisyon piblik ta dwe fè sa lè yo adopte règ rezonab ki trete manm piblik la egalego.

Enstitisyon piblik yo gen obligasyon pou kite yo fè foto reyinyon yo, difize yo, difize yo sou entènèt oswa anrejistre yo depi ekipman yo itilize pou fè sa pa ni deranje ni jennen moun. Si enstitisyon piblik la adopte règ konsènan aktivite sa yo, règ yo dwe rezonab epi afiche aklè, epitou yo dwe bay règ sa yo pou moun ki prezan depi yo fè demann lan (§103(d)).



**Committee on
Open Government**

NEW YORK STATE

DEPATMAN-DETA

Andrew M. Cuomo
Gouvènè

www.dos.ny.gov

**Komite pou Gouvènman Lib
(Committee on Open Government)
NYS Department of State**

One Commerce Plaza
99 Washington Ave
Albany, NY 12231

(518) 474-2518 Telefòn
(518) 474-1927 Faks

**coog@dos.ny.gov
www.dos.ny.gov/coog**